

## KONNEN BENEFIS OU YO

Yon gid pou imigran yo

## Timoun

Si w ap pran swen yon timoun ki poko gen 19 an ki pa sitwayen ameriken, men sa ou bezwen konnen sou chanjman Medicaid k ap vini yo:

- Sèten gwoup moun ki pa sitwayen ki granmoun legalman prezan tankou refijye, moun ki jwenn azil, ak sivivan trafik moun pral pèdi aksè a Medicaid an 2026.
- Sepandan, **li enpòtan pou konnen ke timoun ki legalman prezan ki poko gen 19 an ap kontinye kalifye pou Medicaid** apre 1ye oktòb 2026, nan yon *pakèt sityasyon imigrasyon*.
- Esansyèlman, tout timoun ki legalman prezan, nan nenpòt fòm estati imigrasyon, elijib pou Medicaid eksepte moun ki gen DACA. Timoun yo dwe satisfè lòt kritè pou yo kalifye pou Medicaid, tankou revni.
  - Pa gen peryòd datant pou pwoteksyon Medicaid pou timoun ki pa sitwayen – yo ka kalifye imedyatman yon fwa yo jwenn nenpòt fòm estati legal eksepte DACA.

**ENPÒTAN:**  
Moun ki pa sitwayen  
– tankou fanm  
ansent ak timoun  
ki poko gen 19  
an – ap kontinye  
kalifye pou  
Medicaid apre 1ye  
oktòb 2026, menm  
si yo poko gen kat  
rezidan pèmanan  
(green card) yo.



Pou aprann plis bagay sou konfidansyalite done lè w ap aplike pou pwogram yo, vizite: [ncjustice.org/data-privacy](https://ncjustice.org/data-privacy).

Ekip k ap defann  
dwa imigran ak  
refijye yo pwoteje  
epi defann dwa  
imigran ak refijye  
yo lè l ankouraje  
politik piblik ki  
favorize imigran epi  
lè l bay  
reprizantasyon  
legal estratejik.

- Timoun ki kalifye pou Medicaid yo enkli moun ki gen kat vèt, refijye, moun ki resevwa azil, moun ki aplike pou azil, viktim vyolans domestik, moun ki gen viza travay, moun ki gen viza etidyan, moun ki gen Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS), viktim trafik moun, Imigran Jèn Espesyal, ak anpil lòt ankò. Pou yon tablo konplè sou estati kalifye yo, tanpri vizite: [ncjustice.org/immigrant-eligibility](https://ncjustice.org/immigrant-eligibility).
- Timoun ki gen nenpòt estati imigrasyon, oubyen ki pa gen estati imigrasyon ditou, ka kalifye pou:
  - Medicaid ijans pou kouvri bezwen medikal ijans,
  - Pwogram Nitrisyon Siplemanntè pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (WIC) (jiska laj 5 an), epi
  - Manje midi ak dejene lekòl gratis oubyen a pri rabe.

### PLIS OPSYON SWEN SANTE:

Pou jwenn èd pou jwenn swen sante ak medikaman sou preskripsyon ki gratis oswa ki pa koute chè, pou aplike pou benefis, pou jwenn manje lokal oswa opsyon lojman ak plis ankò, gade fèy Resous sante nou an nan [www.ncjustice.org/health-resources](https://www.ncjustice.org/health-resources)

